

SESAMBETAN WUJUD SAHA TEGESING SASMITA SAHA IRAH-IRAHANING GENDHING PAGELARAN RINGGIT INKGANG AWUJUD WANGSALAN WONTEN ING BUKU GAMELAN JAWA ANGGITANIPUN BAMBANG YUDOYONO

THE RELATIONSHIP OF FORM AND MEANING OF SASMITA AND GENDHING TITLE OF PUPPET PERFORMANCES PRESENTED AS WANGSALAN IN THE JAVA GAMELAN BOOK BY BAMBANGYUDOYONO

Dening : Atika Nur Farida, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

Sarining Panaliten

Panaliten menika dipuntindakaken kanthi ancas kangge ngandharaken sesambetan wujud saha tegesing sasmita saha irah-irahaning gendhing pagelaran ringgit ingkang awujud wangsalan wonten ing buku Gamelan Jawa anggitanipun Bambang Yudoyono. Panaliten menika ngandharaken aluring pikir tiyang ingkang badhe mangertosi sesambetan antawisipun cangkriman saha batanganing wangsalan kanthi cara negesi wujud sasmita gendhing minangka cangkrimaning wangsalan saha irah-irahan gendhing minangka batanganing wangsalan. Panaliten menika kalebet jinis panaliten *deskriptif*. Data ing panaliten menika awujud tembung-tembung sasmita gendhing ingkang mujudaken cangkrimaning wangsalan, saha tembung-tembung irah-irahan gendhing ingkang mujudaken batanganing wangsalan. Sumber datanipun inggih menika saking buku Gamelan Jawa anggitanipun Bambang Yudoyono. Cara ngempalaken data wonten ing panaliten menika kanthi cara maos saha nyathet. Data ingkang sampun kapanggihaken dipunanalisis lajeng dipunandharaken kanthi *teknik deskriptif*. *Validitas* ingkang dipunginaaken inggih menika *validitas konstruk*. *Reliabilitas* ingkang dipunginaaken inggih menika *reliabilitas stabilitas*. Asiling Panaliten menika ngandharaken sesambetan wujud saha tegesing sasmita saha irah-irahaning gendhing pagelaran ringgit ingkang awujud wangsalan. Wangsalan ingkang dipunpanggihaken wujudipun sasmita gendhing cangkrimaning wangsalan saha irah-irahan gendhing batanganing wangsalan. Wujud sesambetanipun wonten tiga, sepisan inggih menika sesambetan cangkriman saha batanganing wangsalan ingkang nyinandikaken perangan irah-irahan gendhing arupi aksara utawi wanda ingkang sami ing perangan sasmita gendhing. Kaping kalih ingkang nyinandikaken irah-irahan gendhing kanthi gegambaran utawi *deskripsi* ing perangan sasmita gendhing. Pungkasan inggih menika ingkang nyinandikaken perangan irah-irahan gendhing kanthi dasanama tembung saha *sinonim* ing perangan sasmita gendhing.

Pamijining tembung : wangsalan, wujud, teges, sasmita gendhing.

Abstract

The aim of this research was to explain the relationship of form and meaning of sasmita and gendhing title of puppet performances presented as wangsalan in the Gamelan Jawa book by BambangYudoyono. This study explained the people's flow of thinking, who want to know the relationship between the riddle and answer of wangsalan by interpreting the sasmitagendhing as a riddle of wangsalan and the title gendhing as the reply of wangsalan. The nature of the research was a descriptive research. Data in this study was sasmitagendhingnamely the cangkriman of wangsalan, and the words of the title gendhing which is the answer of wangsalan.Data source was taken from books of Gamelan Jawa by BambangYudoyono. Data was obtained by reading and writing sasmitagendhing. Data analyzed descriptively. Validity used in this research was construct validity. Reliability used was stability reliability. The result of the research explained that the relationship between form and meaning of sasmitagendhing and title of gendhing puppet performance as wangsalan in Java Gamelan book by BambangYudoyono. There were three form of Relationship in this wangsalan, the first was relationship between cangkriman and answer from wangsalan, indicated part of gendhing title with alphabetic or words similarity from part of sasmitagendhing. two, indicated the gendhing title with description on parts of sasmitagendhing. and the last one was indicated part of gendhing title with synonym on part of sasmitagendhing.

PURWAKA

Wangsalan minangka salah satunggaling jinis Kasusastran Jawi ingkang dipunginaaken ing pagelaran ringgit badhe dipunudhari sesambetan wujud saha tegesipun saengga saged dipundadosaken satunggaling wujud piwulangan ingkang gayut kaliyan basa saha sastra Jawi. Wangsalan ingkang kathah dipunwulangaken ing jaman sakmenika dereng kathah nedahaken babagan sesambetan ing salebeting perangan cangkriman saha batanganing wangsalan, mliginipun wangsalan ingkang wujud sasmita gendhing.

Kawruh bab sasmita gendhing saha irah-irahan gendhing ingkang awujud wangsalan minangka sarana *komunikasi* boten gampang dipunmangertosi dening tiyang ingkang taksih awam bab pagelaran ringgit. Namung dhalang saha niyaga ingkang saged lajeng mangertos sesambetan antawisipun irah-irahan gendhing saha sasmitanipun, amargi sampun kagungan kawruh wangsalan. Kawruh wangsalan ingkang kaping setunggal inggih menika saged *nafsir* cangkriman, ingkang kaping kalih saged *nafsir* batanganipun.

Masyarakat umum limrahipun boten gampang mangertosi bab gegayutan *semantis* antawisipun perangan cangkriman saha batangan menika. Tumrap tiyang ingkang taksih awam bab pagelaran ringgit, kangge nemtokaken sesambetan antawisipun sasmita gendhing saha irah-irahan gendhing wujud wangsalan kedah mangertos tembung-tembung wonten ing salebetipun cangkriman saha batangan ing wangsalan kanthi nggatosaken titikan *semantis*ipun. Perangan setunggal minangka

cangkriman, gadhah titikan *semantis* ingkang nuntun pamaos supados mangertos wangsalanipun ing perangan batangan. Titikan menika arupi warga swara, ukara gegambaran, utawi tembung dasanama.

Cara mangertosi sesambetan ing wangsalan menika dereng nate kapanggihaken wonten ing buku-buku utawi panaliten sanesipun, panaliti minangka tiyang ingkang taksih awam bab basa saha kawruh ing pagelaran ringgit rumaos krenteg badhe ngudhari babagan menika kanthi *metode semantis* kangge manggihaken teges tembung ing cangkriman minangka sasmita gendhingipun saha tembung ing batangan minangka irah-irahanipun. Wujud sesambetan menika saged arupi wujud *sintaksis* kadosta wujud tembung kaliyan tembung, *frasa* kaliyan *frasa*, *klausa* kaliyan *klausa*, ukara kaliyan ukara utawi campuran jinis wujud tembung kalawau. Sesambetan antawisipun sasmita gendhing cangkrimaning wangsalan saha irah-irahan gendhing batanganing wangsalan woten ingkang gegayutan kaliyan warga swara ingkang sami, ingkang badhe dipuntaliti mawi ngelmu *fonologi*.

Miturut Chaer (1994), *semantik* inggih menika ngelmu *linguistik* ingkang ngrembag sesambetan antawisipun tandha-tandha *lingustik* kaliyan bab-bab ingkang dipuntandhani utawi ngelmu *lingustik* ingkang nyinau makna utawi teges wonten bab basa. Pamanggih sanesipun ngandharaken bilih *semantik* inggih menika salah satunggaling ngelmu *linguistik* ingkang ngrembag teges basa saha ngrembag sesambetan antawisipun tandha (*signifiant*) saha ingkang dipuntandhai (*signifine*) (Suhardi: 2005). Gegayutanipun kaliyan wangsalan inggih menika

perangan sasmita gendhing minangka cangkriman ingkang dados bab tandha (*signifiant*), saha perangan irah-irahan gendhing minangka batangan ingkang dipuntandhai (*signifine*), sedaya menika gayutanipun kaliyan teges tembung ingkang dipunrembag ing babagan *semantik*.

Suhardi (2005) mratelakaken bilih *sintaksis* inggih menika cabang ngelmu basa ingkang ngrembag sarasilah *kontruksi sintaksis* ingkang awujud *frasa, klausa*, saha ukara. Pamanggih menika dipunjangkepi dening pamanggihipun Chaer, miturut Chaer (1994: 206), “*sintaksis* inggih menika satunggaling cabang ngelmu basa ingkang ngandharaken sarasilah *wacana, ukara, klausa, saha frasa*”.

Saking pamanggih para ahli wonten ing nginggil saged dipunmangertosi bilih sintaksis inggih menika ngelmu ingkang ngrembag sarasilah *frasa, klausa, ukara, saha wacana*.

Fonemik inggih menika satunggaling ngelmu *linguistik* ingkang ngrembag bab *bunyi bahasa* ingkang saged mujudaken beda-bedaning *makna* (Chaer: 1994). Pamanggih menika sami kaliyan andharan ingkang ngandharaken bilih *fonem* minangka wujud *bunyi* paling alit ingkang saged mujudaken *kontras makna*. Wonten ing salah satunggaling titikan wangsalan, sesambetan antawisipun cangkriman saha batangan limrahipun nggatosaken samining wujud warga swara ingkang saged dipuntingali saking *proses fonologis fonemik*-ipun.

Wangsalan dipunandharaken dening Sasrasumarta (1958: 10) “wangsalan menika tegesipun wangsuln, purba saking tembung lingga wangsal, tegesipun wangsuln”. Sami

kaliyan pamanggihipun Sasrasumarta, Hadiwidjana ngandharaken bilih wangsalan menika saking tembung wangsal utawisoal ingkang ateges pitakonan, bab ingkang kedah dipunwangsuln, kados bangsanipun cangkriman saha batangan (Hadiwidjana: 1967). Andharan Hadiwidjana dipunsengkuyung dening Padmosoekotjo (1956) ngandharaken bilih wangsalan inggih menika tetembungan ingkang memper cangkriman kanthi wangsuln ingkang sinandhi wonten ing ukara candhakistanipun, ananging anggenipun ngandharaken batanganipun boten kanthi cumeplos, boten melok, namung sarana sinandi, inggih menika dipunandharaken sawanda utawi langkung.

Saking pamanggih para ahli wonten ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih wangsalan inggih menika salah satunggaling jinis kasusastran Jawi ingkang wujudipun cangkriman saha batangan, anggenipun ngandharaken batanganipun sarana sinandi ing ukara candhakistanipun awujud sawanda utawi langkung.

Menggah umumipun bab pandamelan wangsalan menika teges tembungipun namung nyrempet sekedhik-sekedhik, ewadene menawi badhe kawetahaken inggih kening (Sasrasumarta: 1958). Subroto (2000), ngandharaken bilih wangsalan ingkang kalebet salah satunggaling puisi jawa baru tradisional gadhah titikan tartamtu kadosta: cacahipun larik boten katemtokaken utawi bebas; kawujud saking kalih perangan inggih menika perangan cangkriman saha batangan; perangan cangkriman ngemot *metafora* ingkang nyinandikaken perangan batangan; wonten sesambetan swara tartamtu awujud tembung, wanda, utawi waga

swara tartamtu; limrahipun migunaaken purwakanthi guru swara utawi dhong-dhing tibanipun swara *vokal*.

Tembung sasmita wonten ing kamus Baoesastra (2011: 642) gadhah teges “ngalamat utawi pratandha”. Sasmita (*tandha verbal*) kangge ada-ada kadadosan satunggaling bab (Soedarsono: 1986). Saking pangertosan wonten ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih sasmita inggih menika pratandha kangge ada-ada kadadosan satunggaling bab. Sasmita gendhing ingkang dipunginaaken dening dhalang limrahipun awujud wangsalan. Sasmita gendhing wujud wangsalan limrahipun wujudipun a. nyebataken sakperangan nama gendhing ingkang saged arupi tembung utawi wanda, tuladhanipun tansah aniti konduring sang narpati. Sasmita gendhing Titipati. b. Sipat-sipat saking tembung-tembung sasmita, tuladhanipun pindha bang-bang wetan. Sasmita gendhing Sumirat. c. Dasanama utawi *sinonim* irah-irahan gendhing. Tuladhanipun swaraing cantoka ing mangsah jawah: gendhing Kodhok Ngorek, Subroto (2000: 99).

CARA PANALITEN

Jinising Panaliten

Panaliten *Sesambetan Wujud saha Tegesing Sasmita saha Irah-Irahaning Gendhing Pagelaran Ringgit wonten ing Salebeting Buku Gamelan Jawa Anggitanipun Bambang Yudoyono* menika ngginaaken kajian *semantik*, *sintaksis*, saha *fonologi*. Panaliten menika ugi kalebet jinis panaliten *deskriptif kualitatif*. Panaliten kualitatif gadhah titikan-titikan kadosta (1) panaliten adhedhasar ngelmu tartamtu, (2) dhasar saha undheran perkawisipun miturut ngelmu tartamtu

kadosta sejarah, sosiologi, antropologi, lsp, (3) undheran perkawis saha tata cara panalitenipun miturut teori ngelmunipun panaliti piyambak, (4) gadhah satunggaling pepesthen ngelmu piyambak (Dimiyati: 1994).

Data saha Sumber data

Sumber data panaliten menika awujud seratan irah-irahan gendhing ingkang dipunginaaken wonten ing pagelaran ringgit saha sasmita gendhingipun ingkang dipunperang miturut adegan saha jinising ringgitipun saking buku *Gamelan Jawa anggitanipun Bambang Yudoyono*. Panaliten menika badhe ngandharaken wangsalan ingkang wujudipun saking sasmita gendhing kaliyan irah-irahan gendhing, ingkang badhe dipuntaliti inggih menika sesambetan tembung-tembung ing cangkriman arupi sasmita gendhing saha batangan arupi irah-irahan gendhing saengga saged dados wujud wangsalan.

Cara Ngempalaken Data

Cara anggenipun ngempalaken data ing panaliten menika kanthi cara maos, dipuntitiki, nyathet, saha dipunperang kanthi madosi teges wonten kamus. Cara maos dipunlampahi kanthi maos buku *Gamelan Jawa anggitanipun Bambang Yudoyono ingkang ngawrat bab gendhing ingkang dipunsasmitani wujud wangsalan*. Salajengipun data ingkang sampun dipunpanggihaken dipunserat wonten kartu data ingkang sampun kasamektaaken.

Piranti Panaliten

Ing panaliten menika, pirantining panaliten ingkang dipunginaaken awujud kartu data saha *human instrumen*. Kartu data dipundamel kanthi ancas kangge nggampilaken panaliti ngempalaken data. Piranti panaliten awujud

human instrumen menika jalaran panaliti piyambak ingkang mangertos persisipun perkawis ingkang badhe dipuntaliti saha kadospundi data ingkang kedah dipunkempalaken.

Cara Nganalisis Data

Cara *analisis* data ingkang dipunginaaken wonten ing panaliten wujud saha tegesing sasmita gendhing saha irah-irahan gendhing wujud wangsalan menika kanthi kajian *semantik*, *sintaksis* saha *fonologi*. data ingkang sampun dipunpanggihaken, lajeng kacathet wonten ing kartu data dipunperang miturut jinis sasmitanipun saha dipunpadosi konstruksinipun kangge nemtokaken unsur pusat. Sedaya data ing kartu data salajengipun dipunlebetaken wonten tabel saperlu dipunpadosi titikan-titikan wangsalan kanthi cara studi pustaka saha dipunjumbuhaken kaliyan panaliten ingkang jumbuh sakderengipun.

Cara Ngesahaken Data

Validitas ingkang dipunginaaken ing panaliten inggih menika *validitas konstruk*. Miturut Azwar (2003: 48) *validitas konstruk* dipunginaaken kangge ngukur interkorelasi ingkang inggil antawisipun kalih perangan saking satunggaling tes. Bab menika magepokan kaliyan perangan wujud wangsalan, kados pundi wujud-wujud tembung ing perangan cangkriman saged sambet kaliyan tembung ing perangan batanganipun. panaliten ngginakaken *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* dipunginakaken kangge ngukur dhata ingkang dipunambali kaping kathah ananging asilipun sami, kanthi sarat data-data ingkang kaukur kaanipun sami ananging wekdalipun beda (Setiyadi: 2006:). *Reliabilitas* dipuntindakaken kanthi maos saha nyathet sasmita gendhing saha irah-irahan gendhing ing buku Gamelan Jawa anggitanipun Bambang

Yudoyono kanthi dipunambal-ambali, mliginipun tumrap dhata panaliten, saengga saged manggihaken data ingkang dipunkajengaken, saha nyingkiri data ingkang boten dipunkajengaken ingkang kalebet wangsalan prusan, supados data ingkang dipunasilaken menika minangka data ingkang *valid*.

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

Asiling panaliten

Panaliten menika ngandharaken sesambetan wujud saha tegesing sasmita saha irah-irahaning gendhing pagelaran ringgit ingkang awujud wangsalan wonten ing buku Gamelan Jawa anggitanipun Bambang Yudoyono kanthi ngginaaken *kajian sintaksis*, *kajian semantik* saha *kajian fonologis*. *Kajian sintaksis* kangge manggihaken tembung ingkang dados *unsur* pusat saking wujud cangkriman mawi analisis konstruk. Kanthi *kajian semantik*, cangkriman saha batanganing wangsalan dipuntegesi adhedhasar makna leksikal ingkang dipunpanggihaken saking studi kamus. Kanthi *kajian fonologi*, kangge nggayutaken antawisipun teges ing perangan cangkriman saha batanganing wangsalan ing sasmita gendhing saha irah-irahan gendhing saking gegayutan *teges denotatif* saha *asosiatif*ipun.

Wujud sesambetan cangkriman saha batanganing wangsalan wonten tiga, inggih menika; sesambetan ingkang wujudipun arupi samining warga swara utawi wanda ing perangan sasmita gendhing, kaping kalih sesambetan ingkang wujudipun arupi gegambaran utawi *deskripsi* saking batanganing wangsalan ing perangan sasmita gendhingipun, ingkang kaping tiga inggih menika kaping tiga inggih menika

sesambetan ingkang wujudipun *sinonim* saking wujud teges *denotatif* dhateng wujud teges *asosiatif*ipun.

Sasmita gendhing wonten ing buku Gamelan Jawa menika wonten 116ingkang dipunperang miturut 10 adegan, inggih menika (1) adegan pakurmatan dhateng tamu ing salebetipun jejer setunggal wonten sanga sasmita gendhing, (2) adegan kedhaton wonten 14 sasmita gendhing, (3) adegan pisowanan njawi wonten 12 sasmita gendhing, (4) adegan jaranan wonten 5 sasmita gendhing, (5) adegan sabrangan wonten 19 sasmita gendhing, (6) adegan Pandhita wonten 14 sasmita gendhing, (7) adegan Raseksa ing perang kembang wonten sekawan gendhing, (8) adegan saksampunipun perang kembang dumugi sampak tanggung wonten 24 sasmita gendhing, (9) adegan pathet menyura wonten 12 sasmita gendhing, (10) adegan tancep kayon wonten tiga gendhing.

Pirembagan

Pirembagan saking asiling panaliten menika awujud andharan-andharan perkawis adhedhasar saking wosing panaliten. Pirembagan asiling panaliten badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Wangsalan ingkang Nyinandikaken Perangan Irah-Irahan Gendhing Batanganing Wangsalan kanthi Wujud Wanda utawi Warga Swara ingkang Sami saking Tegesing Sasmita Gendhing Cangkrimaning Wangsalan

Sesambetan ingkang sepisanan dipunpanggihaken inggih menika wujud samining warga swara saking teges perangan sasmita gendhing tumrap irah-irahan gendhing, warga swara menika wujudipun wanda saha *fonem*. Wanda saha *fonem* ingkang dipunkajengaken

inggih menika wanda saha *fonem* saking perangan cangkriman saha batangan. Sesambetan wujud sasmita gendhing saha irah-irahan gendhing menika sebabipun maneka warni, kadosta wontenipun *proses perluasan* kadosta *proses fonologi* ewahing wujud tembung saking makna *asosiatif* dhateng irah-irahan gendhingipun.

1) Sasmita gendhingipun “**Obah ingkang sami sumewa**”, irah-irahan gendhingipun gendhing “**Sobah**”.

Data (1) ukara ‘obah ingkang sami sumewa’ minangka perangan tembung saking sasmita gendhing, menawi tembung ‘sobah’ minangka tembung saking irah-irahan gendhing. Bilih dipungambaraken kanthi *konstruksi sintaksis*, saged kapanggihaken perangan-peranganing cangkriman saha batanganing wangsalan kados ing ngandhap menika.

Sasmita gendhing (cangkriman): obah ingkang sami sumewa

Obah ingkang sami sumewa
Obah ingkang sami sumewa
ingkang sami sumewa
sami (**sumewa**)
Irah-irahan gendhing (batangan) : (**Sobah**)

Asiling analisis wonten ing nginggil, wujud cangkrimaning wangsalan inggih menika ‘obah ingkang sami sumewa’. *Unsur pusat* saking wujud wangsalan ing nginggil inggih menika tembung ‘**sumewa**’. Teges saking cangkrimaning wangsalan ing nginggil menika ‘**obahing kang padha sowan**’, tiyang ingkang sowan ngadhep ratu saged dipun-*asosiatif*-aken kaliyan ‘**sembah**’ ingkang tegesipun “tandhaning pangaji-aji sarana nangkêpake tangan kang kapênêr jêmpol kagathukake ing irung ut. bathuk”, andharan

menika ugi saged kapanggihaken wonten ing seratan babad madura anggitanipun Sastronaryatmo

“ *Nulya Pangran Arya Matawis | atur sembah majeng denya lenggah | umatur marang sang rajeng | adhuh gusti sang Prabu | andhahara atur prayogi | ature kyanapatya | pamungkase atur sanadyan ngosak-asika | sakeh pikir sayekti boten amanggih | kadya atur punika*”.

Andharan sesambetanipun; tembung ‘sumewa’ gadhah gegayutan kaliyan tembung ‘sembah’ inggih menika **tiyang sowan ngadhep ratu limrahipun sinambi nyembah minangka tandha pangaji-aji tumrap ratunipun**. Ewah-ewahan tembung ‘sembah’ dados tembung ‘sobah’ menawi dipuntingali saking *proses fonologis*, kalih tembung menika wonten ewah-ewahan warga swara {*êm*} dados [o] ing irah-irahan gendhing ‘s[o]bah’ saking teges tembung cangkrimaning wangsalan ‘s[*êm*]bah’ Sesambetan tembung ‘**Sobah**’ ing perangan Irah-irahan gendhing batanganing wangsalan kaliyan wujud asosiatif saking sasmitaning gendhing inggih menika wonten tembung ‘**sembah**’ dipuntitiki saking samining wujud wanda saking wujud saha tegesing sasmita gendhing kaliyan wujud irah-irahan gendhing, inggih menika wonten wanda ingkang sami, inggih menika wanda utawi warga swara ‘**bah**’.

Perangan sasmita gendhing ingkang negesi utawi *signifiant* awujud tembung ‘sumewa’. Wondene perangan ingkang dipuntegesi utawi *signifine* awujud ewah-ewahan tembung lingga ‘sobah’. Tembung ‘sobah’ menika ewah-ewahan saking tembung lingga sembah. Ananging tembung sobah menika boten gadhah teges.

Sesambetan wujud saha tegesing wangsalan ingkang cangkrimanipun awujud sasmita gendhing saha batanganipun awujud irah-irahan gendhing ing nginggil inggih menika tembung ‘sumewa’ ewah dados ‘sembah’ menawi dipunpirsani saking makna asosiatif cangkrimanipun, lajeng ewah malih dados tembung ‘sobah’ minangka irah-irahan gendhing batanganing wangsalan. Wanda ingkang ewah inggih menika wanda {*sêm*} dados {so} ing wiwitan tembung.wujud wanda saking sasmita gendhing kaliyan wujud irah-irahan gendhing ingkang sami inggih menika wanda utawi warga swara ‘bah’.

b. Wangsalan ingkang Nyinandikaken Gegambaran Sipat utawi Katrangan ing Perangan Sasmita Gendhing Cangkrimaning Wangsalan

Sesambetan ingkang dipunpanggihaken inggih menika wujud tembung-tembung katrangan ing sasmita gendhing ingkang nerangaken perangan irah-irahan gendhing. Sesambetan ingkang dipunkajengaken inggih menika tembung katrangan gegambaran utawi *deskripsi*.

1) Sasmita gendhingipun ‘**Arga kayangan dewa**’, irah-irahan gendhingipun ladrang ‘**Semeru**’.

Data (1) tetembungan ‘arga kayangan dewa’ minangka perangan tembung saking sasmita gendhing menawi tembung ‘semeru’ minangka tembung saking irah-irahan gendhing. Wonten ing sasmita gendhing saha irah-irahan gendhing perangan ingkang negesi utawi *signifiant* wujudipun ukara saha ingkang dipuntegesi utawi *signifine* awujud tembung. Menawi kagambaraken kanthi *konstruksi sintaksis*, saged kapanggihaken perangan-peranganing cangkriman saha

batanganing wangsalan kados ing ngandhap menika.

Sasmita gendhing (cangkriman) : Arga kayangan dewa

Arga kayangan dewa
(**Arga**) kayangan dewa
kayangan dewa

irah-irahan gendhing (batangan) : (**Semeru**)

Saking asiling analisis wonten ing nginggil wujud cangkrimaning wangsalan inggih menika ‘arga kayangan dewa’, gadhah *unsur pusat* tembung ‘**arga**’. Teges saking cangkrimaning wangsalan ing nginggil menika ‘**gunung papane para dewa**’ ingkang ngrujuk dhateng tembung gunung ‘**Mahameru**’ salah satunggaling nama gunung ing India papaning para dewa. Gegayutan gunung ‘**Mahameru**’ kaliyan gunung ‘**Semeru**’ ing irah-irahan gendhing batanganing wangsalan inggih menika kapitadosan ingkang wonten ing masarakat, bilih gunung ‘**Semeru**’ menika kemabaran saking gunung ‘**Mahameru**’ ing India.

Andharan gegayutanipun inggih menika, ing data (1) sasmita gendhingipun ‘arga kayangan dewa’ ingkang tegesipun gunung papanipun para dewa, saged dipuntegesi satunggaling nama gunung ingkang dipunanggep minangka papanipun para dewa / kayangan. Ing perangan irah-irahan gendhing wonten tembung ‘semeru’. Wonten ing perangan sasmita gendhing nedahaken satunggaling gegambaran utawi deskripsi saking perangan irah-irahan gendhing. **semeru** dipungambaraken minangka salah satunggaling jinis gunung papanipun para dewa utawi kayangan. Kaserat wonten ing salah satunggaling sumber *e-book* kanthi irah-irahan

Pathokan Pedhalangan Gagrag Banyumas ing kandha Gapuran

“*Hanggraita jroning wardaya Sri Naranata, bebasan luhuring gapura kaya ngarosaken gunung **Mahameru**.*” saksampunipun Kandha badhe kondur ngadhaton tumrap **kahyangan** “*Hanenggih wau kocapa, purna wedharing wasita Sang Hyang Jagad Pratingkah arsa kondur Makahyangan kaweca dadya, medhar sabda sapisan dadi, tan kena owah gingsir. Purantara. Yekti henetepi denira jumeneng Narendraning para Dewa*”.

Adhedhasar kitab Tantu Panggelaransaha ing Lontar Raja Purana Sasasna Candi Sapralingga Bhuana dipuncariyosaken bilih gunung mahameru dipunpindhah saking India dhateng Jawa lajeng dipunwastani Gunung Semeru.

Dados sesambetan saking wujud wangsalan ingkang cangkrimanipun awujud sasmita gendhing saha batanganipun awujud irah-irahan gendhing ing nginggil inggih menika wontenipun gegayutan gegambaran utawi deskripsi saking cangkriman tumrap perangan batangan. Teges tembung saking cangkriman tumrap batanganipun ‘gunung semeru dipunanggep minangka papanipun para dewa utawi kayangan’.

c. Wangsalan ingkang Nyinandikaken Perangan Irah-Irahan Gendhing kanthi Tembung Dasanama utawi *sinonim* ing perangan sasmita gendhing

Sesambetan ingkang dipunpanggihaken inggih menika wujud dasanama utawi *sinonim* tembung ingkang wonten ing sasmita gendhing nerangaken perangan irah-irahan gendhing. Sesambetan ingkang dipunkajengaken inggih menika tembung *sinonim* utawi dasanama.

1) Sasmita gendhingipun ‘**Kentir ing tirta**’, irah-irahan gendhingipun gendhing ‘**Kanyut**’.

Data (1) tetembungan ‘kentir ing tirta’ minangka perangan tembung saking sasmita gendhing menawi tembung ‘kanyut’ minangka tembung saking irah-irahan gendhing. Wonten ing sasmita gendhing saha irah-irahan gendhing perangan ingkang negesi utawi *signifiant* wujudipun *klausa* saha ingkang dipuntegesi utawi *signifine* awujud tembung. Menawi kagambaraken kanthi *konstruksi sintaksis*, saged kapanggihaken perangan-peranganing cangkriman saha batanganing wangsalan kados ing ngandhap menika.

Sasmita gendhing (cangkriman) : Kentir ing tirta

Kèntir ing tirta

(**Kentir**) ing tirta

Ing tirta

Irah-irahan gendhing (batangan) : (**Kanyut**)

Saking asiling analisis wonten ing nginggil wujud cangkrimaning wangsalan inggih menika ‘kentir ing tirta’, gadhah *unsur pusat* tembung ‘**kentir**’. Teges saking cangkrimaning wangsalan ing nginggil menika ‘**melu ilining banyu**’ ingkang ngrujuk dhateng tembung ‘**keli**’ ingkang tegesipun melu ilining banyu. Gegayutan ‘**keli**’ kaliyan tembung ‘**kanyut**’ ing irah-irahan gendhing batanganing wangsalan inggih menika kalebet wujud *sinonim*.

Dados sesambetan saking wujud wangsalan ingkang cangkrimanipun awujud sasmita gendhing saha batanganipun awujud irah-irahan gendhing ing nginggil inggih menika gadhah teges wantah ingkang sami ing cangkriman saha batangan. Teges tembung saking cangkriman tumrap batanganipun menika *bersinonim* utawi gadhah teges wantah ingkang sami. ‘kentir = kanyut.’

DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI

Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ngengingi sesambetan sasmita saha irah-irahaning gendhing pagelaran ringgit wujud wangsalan wonten ing buku Gamelan Jawa anggitanipun Bambang Yudoyono, saged dipunpendhet dudutan kados ing ngandhap menika.

- a) Sesambetan wujud saha tegesing wangsalan ingkang sepisan inggih menika wangsalan ingkang nyinandikaken perangan irah-irahan gendhing batanganing wangsalan kanthi wujud samining wanda saking teges wantah sasmita gendhing cangkrimaning wangsalan. Titikan saking sesambetan menika a. Sesambetan teges antawisipun perangan cangkriman saha batanganipun boten wantah. b. wonten ewah-ewahan *fonologis*, c. wonten ewah-ewahan *semantis*. d. Ewah-ewahan *fonologisipun* inggih menika (1) ewah-ewahan warga swara ing wiwitan tembung, (2) ewah-ewahan warga swara ing pungkasan tembung, (3) ewah-ewahan warga swara ing tengahing tembung kanthi medalaken saha ngilangaken satunggaling warga swara utawi aksara.
- b) Sesambetan wujud saha tegesing wangsalan ingkang kaping kalih inggih menika wangsalan ingkang nyinandikaken irah-irahan gendhing batanganing wangsalan kanthi gegayutan teges awujud gegambaran katrangan ing perangan sasmita gendhing cangkrimaning wangsalan. Titikanipun inggih menika a. gegayutanipun awujud katrangan utawi *deskripsi* tembung irah-irahan gendhingsaking perangan sasmita gendhing, Wonten ewah-ewahan *semantis*.

c) Wujud sandi ingkang kaping tiga inggih menika nyinandikaken irah-irahan gendhing batanganing wangsalan kanthi tembung dasanama utawi *sinonim* tembung saking perangan sasmita gendhing cangkrimaning wangsalan. Titikanipun inggih menika a. Sesambetan tegesipun mawi tembung wantah wujud *sinonim*. b. wujud *sinonim* ingkang dipunpangguhakeninggih menika (1) klausa kaliyan tembung, (2) *frasa* kaliyan tembung, (3) tembung kaliyan tembung, (4) *frasa* kaliyan *frasa* . c.wonten ewah-ewahan *semantis*.

Adhedhasar dudutan saha *implikasi* ingkang sampun dipunandharaken, panaliti saged paring pamrayogi. Bab ingkang dipunteliti saking sasmita gendhing saha irah-irahaning gendhing wujud wangsalan kanthi analisis basa menika taksih sekedhik, saengga taksih kathah bab sanesipun ingkang saged dipunteliti malih. Bab menika kadosta sesambetan wujud saha teges irah-irahan gendhing kaliyan sipating wayang ingkang dipunsasmitani dening dhalang saking satunggaling pagelaran ringgit. Utawi sesambetan undha-usuking basa tumrap tembung-tembung ingkang dipunginaaken minangka sasmita gendhing wujud wangsalan tumrap kalenggahan wayang ingkang dipunsasmitani. Inggih punjagan saged ugi dipunteliti jinis-jinis tembung utawi *leksikon* ingkang dipunginaaken ing sasmita gendhing wujud wangsalan utawi sanesipun, amargi saking kathah saha maneka warnining wujud *leksikon* ingkang dipunginaaken ing wujud kasusastran saged nggambaraken kawontenan satunggaling basa.

KAPUSTAKAN

- Azwar. 2003. *Reliabilitas dan Validitas*. Yogyakarta: Pustaka pelajar.
- Chaer Abdul . 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Dimiyati. 1994. *Belajar dan Pembelajaran*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta. 2015. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: FBS UNY.
- Hadiwidjana. 1967. *Tata-Sastra*. Yogyakarta: Fakultas Budaya UGM Sastra Seni FKIP.
- Kridalaksana, Harimurti.1982. *Kamus Linguistik*. Jakarta: PT Gramedia.
- Oka saha Suparno. 1994. *Linguistik Umum*. Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Padmosoekotjo, S. 1956. *Ngengrengan Kasusastraan Jawi II*. Yogyakarta: CV.Gunung Agung.
- Sasrasumarta. 1958. *Wangsalan*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Setiyadi, Bambang. 2006. *Metode Penelitian untuk Pengajaran BahasaAsing*.Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Soedarsono. 1986. *Serat Kandha Ringgit Tiyang Lampahan Mintaraga (Buku I)*. Yogyakarta: Depdikbud.
- Suhardi. 2005. *Sintaksis*. Yogyakarta: UNY Press.
- Subroto, Edi. 2000. *Kajian Wangsalan dalam Bahasa Jawi*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- Tim Balai Bahasa Yogyakarta. 2011. *Kamus Basa Jawi (Baoesastra Jawi)*. Yogyakarta: Kanisius.
- Yudoyono, Bambang. 1984. *Gamelan Jawi*. Jakarta: PT. Karya Unipress.

Sumber Internet :

Sastronaryatmo. 1981. Babad madura. Jakarta:
PT Balai
Pustaka.<http://arpus.sragenkab.go.id/wpccontent/uploads/Babad-Madura-Unknown.pdf>. Diunduh pada tanggal 29 Juli 2017.

Sekretariat Nasional Pewayangan Indonesia
“Sena Wangi”. *Pathokan Pedhalangan
Gagrag Banyumas*. Jakarta: Balai Pustaka.
www.academia.edu. Diunduh pada
tanggal 29 Juli 2017.